

Ouvèti Lekòl

TAX FREE

Fen Semèn SAN TAKS 4 - 6 out 2017

EKONOMIZE SOU:

**Rad, Soulye • Sèten Akseswa Abiman • Sèten Founiti Klasik
Sèten Òdinatè Pèsonèl ak Akseswa pou Òdinatè**

Sa gen plizyè ane, Lejislati Florid la te otorize kèk jou pou pa peye taks sou lavant founiti klasik debaz anvan ouvèti nouvo ane lekòl la. Konje nan peye taks sou lavant 2017 la se yon evènman 3 jou ki ap kòmanse a 12:01 dimaten vandredi 4 out e li ap fini a minui dimanch 6 out. Yo pap kolekte okenn taks oubyen opsyon taks lokal nan Florid pandan tan sa a sou lavant rad, soulye, ak sèten akseswa rad ki ap vann pou \$60 oubyen mwens pa atik, sou sèten founiti klasik ki ap vann pou \$15 oubyen mwens pa atik, oubyen sou òdinatè pèsonèl ak akseswa pou òdinatè moun achte pa pou komès oubyen itilizasyon pèsonèl e ki koute \$750 oubyen mwens.

**Se yon Anons Sèvis Piblik
Lekòl Leta Miami-Dade County**

Pou plis enfòmasyon sou konje nan peye taks yo, eskane Kòd 'QR' la oubyen vizite sit Entènèt ki anba a.



<http://floridarevenue.com/backtoschool/Pages/default.aspx>

**Pwopozisyon Manm Komisyon Konsèy Lekòl Perla Tabares Hantman pou fè
pwomosyon jou pou fanmi yo pa peye taks la te jwenn sipò tout kòlèg li yo nan
Komisyon Konsèy Lekòl la nan reyinyon anyèl yo a ann avril 2017.**

